

Fason pou w Pwoteje Tèt ou ak Lòt Moun kont MPV

Gen yon epidemi varyòl makak (monkeypox, MPV) nan Vil New York (New York City, NYC), nan peyi a ak nan lemond. Enfòmasyon sa yo kapab ede w pwoteje tèt ou ak lòt moun.

Kijan MPV a simaye?

Nan epidemi ki genyen kounye a, MPV a:

- Simaye prensipalman pandan ou ap fè sèks nan bouch, nan twou dèyè ak nan vajen ak lòt kontak entim tankou niche twou dèyè, bay akolad, bo, mòde, karese ak fè masaj
- Kapab simaye nan kontak dirèk avèk bouton oswa maleng yon moun ki gen MPV; lè ou kò ou touche avèk rad, dra, sèvyèt oswa lòt bagay li itilize; epi nan kontak fas a fas ki dire lontan avèk yon moun ki gen MPV
- Simaye lè moun gen sentòm, men espesyalis yo ap chèche konnen si li simaye anvan sentòm yo parèt oswa apre yo fin disparèt
- Ka simaye nan dechay, krache, matyè fekal (tata) ak lòt likid ki soti nan kò moun — espesyalis yo ap chèche konnen si sa posib

Kisa ki kapab rive si mwen trape MPV a?

Nan epidemi ki genyen kounye a, li ra pou moun al kouche lopital oswa mouri akòz MPV a. Sentòm ki parèt pi souvan an se bouton oswa maleng ki gendwa sanble ak ti bouton kwasans oswa zanpoud. Bouton ak maleng yo ka kouvri tout kò a oswa kèk pati ladan l, tankou toutotou ak andedan ògàn jenital yo, twou dèyè a ak bouch la, epi yo ka dire ant de (2) ak kat (4) semèn. Bouton yo kapab grate w ak fè w mal anpil epi anpeche ou fè aktivite chak jou yo. Maleng yo nan twou dèyè a oswa nan kannal pipi a kapab fè li difisil pou ale nan twalèt. Gen moun ki gen sentòm ki sanble ak sentòm lagrip tankou malgòj, lafyèv ak fatig. Nan konplikasyon enfeksyon MPV yo gen anflamasyon mikèz twou dèyè a (pwoktit). Menm lè li fin geri, yon moun kapab gen mak nan kote li te gen maleng yo. Nou pa konnen si MPV a bay pwoblèm sante alontèm.

Kiyès ki gen plis risk pou trape MPV a?

Nenpòt moun kapab trape MPV a. Men, ka nou genyen kounye a yo montre viris la ap simaye nan sèk sosyal gason ki masisi, biseksyèl ak lòt gason ki fè sèks avèk gason; moun transjan; moun ki gen idantite jan ki pa konfòm; ak moun ki pa ni fi ni gason. Lè ou genyen plizyè patnè seksyèl, oswa ou fè sèks ak moun ou pa konnen oswa ou gen lòt kontak entim, tankou avèk moun nan fèt tekno, nan klèb ak nan fèt sèks, nan beny vapè, oswa atravè aplikasyon anliy oswa medya sosyal, sa ogmante risk pou an kontak ak viris la. Piske MPV a kapab transmèt atravè nenpòt kalite kontak po ak po ki pwolonje, lè w ale nan klèb, nan fèt tekno, nan konsè, nan gwo fèt ak nan lòt evènman ki gen foul moun, sa ka ogmante risk la tou si ou menm oswa lòt moun yo mete rad ki ekspozè po nou.

Ki moun ki gen gwo risk pou yo malad grav akòz MPV a?

Moun ki gen VIH (espesyalman sila yo ki genyen yon kantite CD4 ki ba oswa ki pa pran medikaman VIH yo regilyèman) oswa lòt pwoblèm sante ki afibli sistèm iminitè yo gen plis risk pou yo gen maladi grav ak konplikasyon akòz MPV a. Moun ki ansent yo, oswa ki gen antedan egzema atopik oswa kèk lòt pwoblèm po gendwa gen plis risk pou yo gen maladi grav.

Kisa mwen kapab fè pou mwen pwoteje tèt mwen?

Pandan epidemi ki genyen kounye a ap kontinye, pi bon fason pou w pwoteje tèt ou kont MPV a se evite fè sèks ak lòt kontak entim avèk plizyè patnè oswa patnè ou pa konnen. Ou ta dwe panse pou pran vaksen kont MPV a si ou te ekspoze oswa si gen posiblite pou ekspoze pi devan. Pou w jwenn plis enfòmasyon sou vaksinasyon an, tankou rekòmandasyon yo fè pou moun ki ta dwe pran vaksen an, ale sou nyc.gov/mpv.

Si ou chwazi fè sèks oswa gen lòt kontak entim, bagay ki vini annapre yo kapab ede w redui risk ou, menm si ou te pran vaksen an:

- Redui nan kantite patnè yo, sitou sa ou pa konnen yo oswa sa ou pa konn antesedan seksyèl resan yo.
- Evite ale nan fèt sèks, fèt pou omoseksyèl ak lòt espas kote moun ap fè sèks epi gen lòt kontak entim avèk plizyè moun.
- Mande patnè ou yo si yo gen sentòm MPV yo epi poze yo kesyon sou antesedan seksyèl resan yo. Pa bliye, gen moun ki gendwa pa konnen yo gen MPV a, sitou si sentòm yo lejè oswa si sentòm yo konfonn ak lòt pwoblèm sante.
- Pa ni fè sèks ni gen kontak entim avèk yon moun ki pa santi li byen, sitou si li gen bouton oswa maleng oswa si li te ekspoze ak MPV a dènyeman.
- Si ou chwazi fè sèks oswa gen lòt kontak entim avèk yon moun pandan ou malad oswa li malad, kouvri tout bouton ak maleng yo avèk rad oswa pansman sele. Sa gendwa redui pwopagasyon an lè ou kò ou touche avèk bouton oswa maleng yo, men gen lòt metòd transmisyon ki toujou posib.
- Piske li gendwa posib pou viris la transmèt nan dechay, sèvi ak kapòt an latèks lè w ap fè sèks.
- Pa itilize menm sèvyèt, rad, akseswa fetich, jwèt sèks oswa bwòs dan ak lòt moun.
- Lave men ou, akseswa fetich ou ak dra ou. Ou ta dwe lave jwèt sèks yo chak fwa ou fin itilize yo.

Kisa pou mwen fè si mwen gen sentòm yo?

Si ou gen sentòm MPV a, menm si yo lejè:

- Rele pwofesyonèl swen sante w la tousuit. Si w pa genyen youn, rele **311** pou w pran kontak ak yon sant NYC Health + Hospitals (H+H) oswa pou w jwenn youn **H+H Virtual Express Care**. Pwofesyonèl swen sante w la kapab fè tès varyòl makak pou ou epi li gendwa preskri ou tretman. Ou kapab ale tou sou nyc.gov/health/map pou w jwenn yon pwofesyonèl swen sante ki toupre ou. Ou ap jwenn swen nan NYC kèlkeswa sityasyon imigrasyon ou, kouvèti asirans ou oswa kapasite w pou peye.
- Evite tout kontak fizik sere avèk lòt moun, menm si se moun ki rete lakay ou. Epitou, evite klèb, fèt, ba ak lòt kote ki gen foul moun.
- Ou ap jwenn plis enfòmasyon sou fason pou w pran swen tèt ou epi redui risk pou simaye MPV a bay lòt moun nan nyc.gov/mpv.

Si ou te gen MPV a dènyeman, sèvi ak yon kapòt an latèks lè w ap fè sèks pandan omwen uit (8) semèn apre bouton ak maleng ou yo fin geri epi gen yon nouvo kouch po ki fòme — sa ap ede pwoteje patnè ou yo sizoka viris la ta kapab tansmèt nan dechay.

Kisa mwen ta dwe fè si yon moun mwen te gen relasyon entim avèk li di m li gen MPV a?

Si ou te gen kontak avèk yon moun ki gen MPV a dènyeman, ou ta dwe pran vaksen an. Vaksen JYNNEOS la kapab redui risk enfeksyon an ak maladi grav la si ou resevwa li tousuit apre w fin gen

kontak la. Pou w jwenn yon sit vaksinasyon, ale sou **vaccinefinder.nyc.gov**. Epitou, ou ta dwe siveye sentòm yo, sitou si gen yon nouvo bouton oswa maleng ki parèt nenpòt kote sou kò ou. Si ou vin gen sentòm, suiv konsèy ki nan dokiman sa a.

Depatman Sante NYC a gendwa chanje rekòmandasyon yo pandan sitiyasyon an ap evolye.

10.12.22 Haitian Creole